

ENFÒMASYON SOUMEDIKAMAN POUTRANSPLANTASYON

Non / Nimewo dosye medikal pasyan an : _____

Nimewo prensipal li : (617) 632-9700






Koòdonatè transplantasyon an : _____


Nimewo telefòn li : _____

Nimewo telefòn famasi a : _____

Nimewo telefòn VNA (Asosyasyon enfimyè ki vizite pasyan lakay yo) a _____

Pasyan yo ak moun k ap okipe pasyan yo dwe byen lave men yo anvan ak apre yo fin manyen medikaman

Medikaman yo	Echantyon	Aksyon	Enstriksyon	Lòt enfòmasyon ki enpòtan
Tacrolimus (Prograf)	 0,5mg  1mg  5mg Se menm jan I prezante ak jenerik Sandoz	Prevni rejè transplantasyon; bloke sistèm defans	Pa pran I nan maten y ap pran san w nan, ret tann jiskaske <u>yo fin pran san w.</u> Pran I chak 12 èdtan Pran I lè w ap manje oswa lè w pap manje. Si w vle pran I lè w ap manje, kontinye pran I konsa nèt ale. E si w vle pran I lè w pap manje, kontinye pran I konsa nèt ale tou.	<u>*** Medikaman w ap pran tout vi w***</u> <u>Efè segondè ki kouran</u> - Maltèt - Kò tranble - Pikotman nan men ak nan pye - Cheve kase - Potasyòm wo
Mycophenolate Mofetil (Cellcept) OSWA Mycophenolic Acid DR (Myfortic)	 500mg Se menm jan I prezante ak jenerik Roxane  OSWA  360mg Se menm jan I prezante ak jenerik Mylan	Prevni rejè transplantasyon; bloke sistèm defans	Pran I lè w ap manje oswa lè w pap manje. Si w vle pran I lè w ap manje, kontinye pran I konsa nèt ale. E si w vle pran I lè w pap manje, kontinye pran I konsa nèt ale tou. Pran I jeneralman chak 12 èdtan	<u>*** Medikaman w ap pran tout vi w***</u> <u>(Pou pasyan yo fè transplantasyon ren ak / oswa pankreyas pou yo)</u> <u>Efè segondè ki kouran</u> - Kè plen - Vomisman - Dyare - Kè brile Fè koòdonatè transplantasyon w nan konnen si w pou pou mou plis pase 4-6 fwa pa jou
Prednisone	 5mg Vèsyon jenerik la ka parèt diferan	Prevni rejè transplantasyon; bloke sistèm defans	Pran I lè w ap manje Pran I yon fwa pa jou nan maten Swiv kijan yo di w diminye I jiskaske w sispann li si yo di w fè sa	<u>Efè segondè ki kouran</u> - Vin gen plis apeti - Sik nan san wo - Chanjman nan imè

Medikaman yo	Echantyon	Aksyon	Enstriksyon	Lòt enfòmasyon ki enpòtan
Valganciclovir (Valcyte)	 450 mg Se menm jan l prezante ak non komèsyal Valcyte la	Prevni enfeksyon viral	Dozaj la varey tou depan de kijan ren an ap fonksyone	- W ap pran l pandan 3-6 mwa Dat pou w sispann li : _____
Sulfamethoxazole / Trimethoprim (Bactrim SS oswa SMZ/TMP)	 1 grenn Vèsyon jeneric la ka sanble l differan	Prevni enfeksyon nan poumon ak nan pipi	Pran l yon fwa pa jou	- Pifò pasyan ap pran l pandan 1 an
Nystatin solisyon oswa Fluconazole (Diflucan)	 5mL oswa  200mg Vèsyon jeneric la ka sanble l differan	Prevni enfeksyon chanpiyon bay nan bouch ak nan gój ou	Pa manje ni bwè pandan 20 minit apre dòz Nystatin an Pran Nystatin an 4 fwa pa jou Pran Fluconazole la yon fwa pa jou	- Nystatin – pou pasyan yo fè transplantasyon ren ak / oswa pankreyas pou yo - 4 semèn - Fluconazole – Transplantasyon fwa – 2 mwa - Antre an entèaksyon ak tacrolimus. Si w rate dòz, sa ap lakoz nivo tacrolimus yo vin ba epi sa ap lakoz ou rejte transplantasyon an - Lè yo sispann li, y ap ba w enstriksyon si l ap nesesè pou yo fè chanjman nan dòz tacrolimus la
Famotidine (Pepcid) oswa Ranitidine (Zantac)	 20 mg oswa  150 mg Vèsyon jeneric la ka sanble l differan	Prevni ilsè destoma	W ap pran l youn oswa de fwa pa jou	- Pasyan ki pap pran Protonix oswa Prilosec (gade anba a) ap pran l pandan 8 semèn apre transplantasyon an
Pantoprazole (Protonix) oswa Omeprazole (Prilosec)	 40 mg  20 mg Vèsyon jeneric la ka sanble l differan	Prevni ilsè destoma	Pran l youn oswa de fwa pa jou	- W ap kontinye pran l si w te sou medikaman sa a (oswa yon medikaman ki menm ak sa a) anvan transplantasyon an
Sodium polystyrene sulfate (Kayexalate)		Diminye potasyòm	Pran l sèlman lè koòdinatè w la di w pran l	- Ka bay dyare
Oxycodone Oswa Hydromorphone (Dilaudid)		Medikaman pou doulè		- Pran l sèlman lè w bezwen l pou doulè
Docusate sodium (DOC-Q-LACE) ak / oswa Senna (Senokot)		Medikaman pou fè poupou w mou	Pa pran l si w gen dyare	- Kapab pa nesesè si w pap pran medikaman pou doulè anwo yo